

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Média audio visual digunakeun pikeun ngukur kamampuh nulis éséy nu diterapkeun dina pratés jeung prosés postés (salaku “perlakuan”) nu dilaksanakeun ka siswa. Prosés panalungtikanana ngagunakeun métode kuasi ékspérimén. Lian ti éta téknik ngolah data nu dipaké ngawengku uji sipat data (uji normalitas jeung uji homogénitas pikeun ngukur data normal-henteuna katut homogén-henteuna data pratés jeung postés), uji gain (ngukur béda data hasil analisis pratés jeung postés nu hasilnya nguji ngaronjat-henteuna “perlakuan” sabada postés, jeung uji hipotésis (ngukur éféktif-henteuna “perlakuan” dina hasil panalungtikan).

Panalungtikan dilaksanakeun di SMAN 1 Pelabuhanratu kelas XII-IPA.1 anu jumlah siswana nya éta 38 siswa. Dina lawungan kahiji dilaksanakeun pratés pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun média audio visual. Lawungan kadua dilaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun média audio visual (postés) pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada ngagunakeun “perlakuan”.

Kamampuh nulis éséy siswa kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Pelabuhanratu saméméh dilaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun média audio visual nya éta can nyugemakeun, lantaran masih kénéh loba siswa anu kriteria skor peunteunna kurang ti 18. Kamampuh siswa dina pratés bisa katitén skor rata-ratana nya éta 16,4. Kamampuh nulis éséy siswa kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Pelabuhanratu sabada dilaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun média audio visual hasilna nya éta nyugemakeun, lantaran béda jeung saméméhna. Tina 38 siswa, aya 35 siswa anu skor peunteunna leuwih ti 18. Kamampuh siswa dina postés bisa katitén skor rata-ratana 21,5.

Aya béda signifikan antara kamampuh siswa dina nulis éséy saméméh jeung sabada ngagunakeun média audio visual, éta hal bisa katitén tina hasil uji

hipotésis data pratés jeung jeung postés anu nuduhkeun yén $t_{itung} > t_{tabel}$ ($12,44 > 2,46$). Ku kituna, bisa dicindekkeun ieu skripsi panalungtikan nu ngagunakeun média audio visual éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Pelabuhanratu.

5.2 Saran

Sabada dilaksanakeun panalungtikan di SMAN 1 Pelabuhanratu anu judulna “Éféktivitas Média Audio Visual pikeun Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Palabuhanratu Taun Ajaran 2012/2013)”, aya sababaraha hal anu baris ditepikeun sangkan ieu panalungtikan bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan éséy, di antarana:

- 1) pikeun panalungtikan anu saterusna, dipiharep sangkan anu dijadikeun populasi leuwih lega wengkuanana, sangkan hasil panalungtikan bisa digeneralisikeun;
- 2) dina milih média audio visual, dipiharep anu dijadikeun médiana leuwih heureut deui sangkan hasil nu dipiharep bisa leuwih jembar jeung nyugemakeun;
- 3) dina nulis karangan, siswa kudu dirangsang heula pikiranana pikeun meunangkeun idé-idé saloba-lobana, lantaran sabada dilaksanakeun panalungtikan di kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Palabuhanratu katitén siswa hésé nulis hiji karangan, anu alesanana bingung nanon anu kudu ditulisna atawa kakurangan idé;
- 4) dipiharep média audio visual bisa digunakeun ku guru mata pelajaran pikeun leuwih ngaronjatkeun kompetensi pangajaran séjénna.